# QUBLA ARALBOYI GEOSISTEMALARINIŃ ÓZGERIWI

***Saparniyazova Nasiba***

*Qaraqalpaq màmleketlik universiteti Geografiya hàm tabiyiy resurslar fakulteti*

*(2-kurs magistranti)*

Qubla Aralboyi regioni azelden dıyxanshılıq oraylarınan biri esaplanadı. Usınıń sebepinen bul jerde adamlar áyyemnen dıyxanshılıq penen shuǵıllanıp keledi. Insan hám tábiyat arasındaǵı ten' salmaqliliqtin' buziliwi álbette geosistemalardıń degradatsiyasina alıp keliwi hámmege belgili bolǵanı sıyaqlı Aralboyi regioni geosistemaları da bunnan tisqari emes. Sońǵı jılları regionda ekstremal ekologiyalıq sharayattıń júzege keliwi óziniń unamsız tásirin tiygizbesden qalmadı hám házirgi kúnde de tábiyiy resruslardin' pataslanıwı, degradatsiyasi da insan salamatlıǵına kúshli tásir qılıp atır. Barshege belgili, endi Aral teńizin aldıńǵı jag'dayina qaytarıwdıń házirshe ılajı joq ekenligi sebepli házirgi waqıtta áwele aymaq geosistemalarına antropogen faktorlar tásirin kemeytiw, texnogen tásirlerin kemeytiw hám tábiy resurslardan aqılǵa say paydalanıwımız zárúr bolıp esaplanadı. Usınıń sebepinen Qubla Aralboyi geosistemalarına antropogen faktorlar tásirin kemeytiwimiz kerek. Onıń ushın áwele, A'miwda'rya deltasi geosistemaların qorǵaw jáne bul jerdegi ayırım qızıl kitapǵa kirgen ósimlik hám haywanlardı asıraw zárúrli áhmiyetke iye boladı. Sol kózqarastan Qubla Aralboyi geosistemalarına antropogen faktorlar tásirin tómendegishe ajratsaq boladı :

- jaylaw maqsetinde paydalanıw (iri shaxli qaramallar, qoy-eshkiler);
- awıl xojalig'inda paydalanilatug'in jerler, transport (barlıq transport jolları );
- seliteb-islep shıǵarıw (qala, awıllıq jayları, áskeriy ob'ektler);
- gidrotexnikalıq imaratlar (jasalma suw bazaları, plotinalar, kanallar hám kollektorlar ) hám basqalar.

Song'i 60 jil dawaminda (1961-2021 jillar.) Aral ten'izi ha'm Aralboyi mashqalasin sheshiw boyinsha ko'plep tu'rli usinislar, tu'rli ha'rakter ha'm mazmundag'i ta'dbirler ilgeri su'rildi, solardin' bir bo'limi jaryalandi. Biraq usig'an qaramastan, elege shekem (qa'niygelerdin' ba'zi qosimshalar ha'm o'zgerisler ya'ki du'zetiwler talap etiletug'in bir qatar usinislarin esapqa almag'anda) kompleks maqsetli ta'dirler, sonday-aq, ilimiy izlenisler joq.

A'miwda'rya deltasinin' sho'lge aylanip baratirg'an bo'leginin' ta'biyiy ortalig'in ha'm ten'izdin' quriwin tu'bden jaqsilaw ushin ta'biyiy komplekslar ha'm resurslardi bahalaw na'tiyjeleri, sonday-aq atirap ortalig'i o'zgeriwinin' variantli pragnozlari tiykarinda tabaqalastirilg'an sheshimler koriliwi kerek. Ten' salmaqli sheshimler toparlarin qollawdan aldin, aymaqtan awil xojalig'i, rekreatsiya, suw xojalig'i, sanaat ha'm basqalardin' tu'rli tarmaqlarinda paydalaniw imkaniyatlari haqqinda toliq mag'liwmatqa iye boliwi za'ru'r, sol tiykarinda tiyisli sheshimler tiykarlaniwi kerek.

Juwmaq ornında sonı atap ótiw kerek, Qubla Aralboyi geosistemalarn házirgi jaǵdayında saqlap qalıw hám keleshek áwladqa jetkiziw ushın tómendegi ilajlardı ámelge asırıw kerek:

- A'miwda'rya deltasi toǵaylarınıń kesiliwlerinin' aldın alıw;
- Ústúrt hám Qızılqumnin' Qaraqalpaqistan bólegi jaylawlarınan nátiyjeli paydalanıw;
- Ústúrt regioni geosistemalarına texnogen faktorlar tásirin kemeytiw;
- Aral teńiziniń qurigan bóleginde qáliplesip atırǵan landshaftlardı úyreniw tiykarında bul jerdegi landshaftlarǵa antropogen faktorlar tásirin kemeytiw;

Joqarıdaǵı sayi háreketlerdi ámelge asırıw arqalı Qubla Aralboyi regioni geosistemaların degradatsiyaga dús keliwiniń aldın alıw múmkinshiligine iye bolamız.